



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 22 out 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$47.8 MILYON DOLA FINANSMAN FEMA POU RANFÒSE PON YO**

### ***20 Pon sou dlo ki pral ranfòse avèk Sibvansyon federal pou redwi danje***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Ajans Jesyon Ijans Federal te apwouve \$47.8 milyon dola nan finansman pou ranfòse 20 pon ki travèse dlo e ki vilnerab a fondasyon erozwyon nan Eta New York. Finansman an disponib atravè pwogram Sibvansyon pou Rediksyon Danje FEMA, sa ki vize pou ogmante rezistans, redwi difikilte ak redwi risk pou pèt ak domaj nan dezaz natirèl.

“Yon pati nan adaptasyon nouvo reyalyte move tan vle di nou dwe ranfòse enfrastrikti nou pou l pi solid pase anvan – kidonk nou ka rebati avèk nouvo gwo tanpèt nan lespri,” Gouvènè Cuomo te deklare.

“Investisman sa pèmèt nou rann pon yo nan eta pi rezistan devan move tan, e sa vle di kominote ki pi ansekirite pou lavni.”

Gouvènè Cuomo te mande yon total \$518 milyon dola nan finansman federal pou ranfòse 105 pon nan eta. Pon yo te kapab sijè pou netwaye, avèk materyèl fondasyon ki ewode, tankou wòch ak sab, ki soti ozalantou anba pilye pon an, pilye, fondasyon ak ranblè. Amelyore pon sa yo pral ede pwoteje wout transpòtasyon esansyèl yo nan Eta, asire aksè a sèvis ijans pandan ak apre evènman inondasyon epi redwi risk inondasyon kote ouvèti pon yo koze rivyè ak sous dlo monte.

Nan mwa jen 2013, Gouvènè Cuomo te anonse yon demann pou pwojè yo ki finance pa pwogram rediksyon danje pou ede rebati kominote ki pi solid, pi dirab. FEMA ap kontinye revize aplikasyon yo e Eta ap rete tann apwobasyon rapid yo. Pwogram pou repare pon an se pwodui kolaborasyon san parèy ant Depatman Transpòtasyon, Divizyon Sekirite Enteryè aj Sèvis Ijans, Biwo Rekiperasyon Tanpèt Gouvènè a, ak plizyè douzèn gouvènman lokal, epi mete Eta New York nan inovasyon de pwent rekiperasyon nan inondasyon ak aktivite pou kontwole danje.

Komisyone Depatman Transpòtasyon Eta New York Joan McDonald te deklare, “Gouvènè Cuomo konnen enpòtans transpòtasyon e lidèchip li ap ede asire ke wout ak pon nou yo ranfòse kont move tan.

Akoz inisyativ Gouvènè a ansanm avèk asistans patnè lokal, eta ak federal nou yo, tout pon nan eta New York pral pi solid epi dire pi lontan.”

Pwogram reparasyon pon an pral peye avèk yon konbinezon finansman ki soti nan FEMA ak Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini. Finansman Eta pa pral nesèsè.

Depatman Transpòtasyon te idantifye 105 pon kòm enpòtan anpil pou netwaye, sa ki pi a risk pou inondasyon repete. Tout pon yo ki enkli nan pwogram mizajou ak modènizasyon an te bati swivan kòd ak nòm nan tan yo a e yo rete pwoteje epi ouvè pou sikilasyon chak jou. Toutfwa, akoz yon varyete evènman natirèl move tan ak ogmantasyon frekans gwo tanpèt ak inondasyon, yo vilnerab pou netwaye akoz de entansite ak vitès dlo nan evènman natirèl ekstrèm.

Apwobasyon sibvansyon FEMA pèmèt depatman transpòtasyon fè kontra pou travay amelyorasyon pon yo, sa ki gen ladan mete ajou pilye beton pon an nan ajoute asye oswa fondasyon pilòn an beton, ogmante kantite ouvèti sistèm wout maren pou reponn a pwojeksyon inondasyon 100- ane epi redwi oswa elimine kantite kolòn pon yo nan dlo pou anpeche blokaj klas ki kapab inonde zòn avwazinan yo.

Pon ak kantite lajan sibvansyon ki te apwouve nan seri finansman sa liste anba:

- \$925,000 pou wout 145 pon ki sou Fox Creek nan Rensselaerville, Konte Albany
- \$2.4 milyon pou wout 9 pon ki sou Moordenerkill Creek nan Schodack, Konte Rensselaer
- \$2.5 milyon pou wout 9 pon ki sou Branch Nò Moordenerkill Creek nan Schodack, Konte Rensselaer
- \$1.1 milyon pou wout 43 pon ki sou rivyè Black nan Stephentown, Konte Rensselaer
- \$3.6 milyon pou wout 9 pon ki sou Kayaderosseras Creek nan Malta, Konte Saratoga
- \$1.1 milyon pou wout 9N pon ki sou Kayaderosseras Creek nan Greenfield, Konte Saratoga
- \$2.3 milyon pou wout 291 pon ki sou Nine Mile Creek nan Marcy, Konte Oneida
- \$1 milyon pou wout 38A pon ki sou Sucker Brook nan Owasco, Konte Cayuga
- \$868,000 pou wout 392 pon ki sou Extension Gridley Creek nan Virgil, konte Cortland
- \$4.2 milyon pou wout 5 pon ki sou Tonawanda Creek nan Batavia, konte Genesee
- \$1.9 milyon pou wout 20 pon ki sou Tonawanda Creek nan Alexander, konte Genesee
- \$1.6 milyon pou wout 78 pon ki sou East Koy Creek nan Wethersfield, konte Wyoming
- \$2 milyon pou wout 62 pon ki sou Mud Creek nan Conewango, konte Cattaraugus
- \$648,620 pou wout 78 pon ki sou Gill Creek nan Amherst, konte Erie
- \$1.2 milyon pou wout 78 pon ki sou Black Creek nan Amherst, Konte Erie

Haitian Creole

- \$750,000 pou wout 22 pon ki sou Roeliff Jansen Kill nan Hillsdale, konte Columbia
- \$13.7 milyon pou wout 211 pon ki sou Walkill nan Montgomery, Konte Orange
- \$1.9 milyon pou wout 28 pon ki sou Herkimer Creek nan Exeter, konte Otsego
- \$1.9 milyon pou wout 80 pon ki sou Butternut Creek nan Burlington, konte Otsego
- \$2.2 milyon pou wout 96 pon ki sou Catatonk Creek nan Spencer, konte Tioga

Depite Paul Tonko te deklare, “Ranfòse enfrastrikti nou yo ki egziste deja enpòtan pou asire ke nou prepare pou pwochen aktivite move tan. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou atansyon l nan bezwen ijan sa non sèlman nan Capital Region an men nan tout eta. Ale delavan, peyi a dwe swiv direksyon New York epi aji sou pwoblèm chanjman nan klima. Prevansyon ak ranfòse enfrastrikti ap ekonomize lajan kontribyab yo epi ogmante sekirite.”

Depite Bill Owens te deklare, “Kenbe wout ak pon lokal yo enpòtan pou vwayajè, rezidan ak biznis lokal yo ki itilize yo chak jou. Envesti nan yon fondasyon ki pi solid pou pon ki gen 80-ane nan Greenfield, sa ki sipòte yon mwayèn de 6,000 machin pa jou, pral ekonomize lajan sou wout la epi ede asire ke nou tout anmezi pou itilize wout sa pou anpil ane ankò.”

Depite Tom Reed te deklare, “Pon yo nan Southern Tier ak Finger Lakes jwe yon wòl esansyèl nan lavi nou chak jou men akòz kondisyon meteyolojik New York kap chanje, anpil pon bezwen repare. Nou fyè dèske nou te fè patenarya avèk eta ansanm avèk lidè lokal yo pou asire ke pon yo nan zòn nou an ansekirite ak fyab pou tout moun ki itilize yo. Ant ranfòse enfrastrikti debaz ak efò pou redwi dega inondasyon, sa yo se reparasyon ki nesèsè anpil pou asire sekirite piblik ak yon itilizasyon ekitab nan dola kontribyab yo ke tout moun benefisye. Sa a se bon bagay pou fè e mwen kontan pou m wè pwojè sa yo ap avanse.”

Depite Chris Gibson te deklare, “Wout 22 ak 43 bay aksè esansyèl pou konte Columbia ak Rensselaer. Ranfòse pon sa yo esansyèl pou sekirite piblik ak pou byennèt ekonomik nou. Mwen fyè dèske m sipòte investisman federal nan enfrastrikti nou an, e mwen kontan anpil pou m wè resous sa yo an aplikasyon nan 19<sup>yèm</sup> distri kongrè a.”

Depite Dan Maffei te deklare, “Sant New York se yon rezo komès enpòtan pou pati kotlès la ak odela. Nou dwe repare pon nou yo ki nan move kondisyon epi bay priyorite a investisman enpòtan pou fasilite kwasans ekonomik alontèm. Finansman sa ki nesèsè anpil pral ede mete ajou pon yo ki andomaje nan rejyon nou an, e mwen pral kontinye travay pou garanti finansman federal pou fè amelyorasyon nan enfrastrikti transpòtasyon lokal nou an.”

Depite Sean Patrick Maloney te deklare, “Vwazen mwen yo nan bò rivyè Walkill te frape pi di pa dènye tanpèt yo e investisman sa nan enfrastrikti lokal nou an pral non sèlman kenbe fanmi nou yo, kominote ak ti biznis yo ansekirite pandan yon tanpèt, men li pral kreye travay epi devlope ekonomi nou an. Sa a se yon 'pwen klasik nan tan epaye nèf sitiasyon e mwen pral kontinye fè patenarya avèk ofisye lokal ak eta yo pou garanti finansman federal ak eta pou rann pon nou yo pi solid ak ansekirite.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*

**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE